Kisa yon Akò Montan Yon Sèl Fwa ye?

- ✓ Yon Montan Yon Sèl Fwa se yon kontra ant ou menm, anplwayè ou (lè sa aplikab), ak asirans konpansasyon travayè anplwayè ou a.
- ✓ Pèman yon sèl fwa sa a ranplase chèk konpansasyon chak semèn ou, e, nan kèk ka, kèk lòt avantaj.
- ✓ Jij ki tande ka Montan Yon Sèl Fwa ou a ka deside si règleman reklamasyon ou an nan pi bon enterè ou.

Èske mwen ta dwe aksepte yon Montan Yon Sèl Fwa pou ka mwen an?

- ✓ Ou dwe konpare valè aktyèl montan yon sèl fwa w la ak avantaj posib yo.
- ✓ Si ou te blese PANDAN OSWA APRÈ 1ye Novanm 1986, ou renonse a dwa ou pou benefis chak semèn alavni apati dat règleman montan yon sèl fwa ou a apwouve.
- ✓ Anplis, si konpayi asirans lan te aksepte responsablite pou reklamasyon ou an, oswa si yon jij te bay lòd pou asirans peye benefis yo, asirans lan responsab pou peye benefis medikal ak reyabilitasyon pwofesyonèl ou alavni ki gen rapò ak blesi a.
- ✓ Asirans lan gen dwa pou l konteste fakti medikal alavni anvan, e apre tou, akò règleman montan yon sèl fwa w la.

Èske si mwen siyen yon Akò Montan Yon Sèl Fwa, sa vle di tou ke yo revoke m nan travay la?

- ✓ Anplwayè ou pa ka di ou ke lè ou siyen yon Akò Montan pou yon sèl fwa, ou dakò pou w pa tounen nan travay la.

Siyen yon Akò Montan Yon Sèl Fwa pa anpeche ou:

- ✓ Kontinye travay ak anplwayè a kote ou te blese a.
- ✓ Jwenn travay ak nenpòt lòt anplwayè.
- ✓ Resevwa nenpòt avantaj ou te dwe jwenn nan men anplwayè ou.
- ✓ Fè nenpòt reklamasyon konpansasyon travayè alavni pou lòt blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay; oswa
- ✓ Fè nenpòt reklamasyon alavni pou revokasyon san rezon, oswa vyolasyon kontra.

Sipozisyon anrapò ak kapasite yon anplwaye pa genyen pou retounen travay pou anplwayè a epi anplwaye a aksepte yon Montan Yon Sèl Fwa ap kontinye pandan yon mwa pou chak tranch $1,500.00 ki gen ladan Montan Fiks la. [Kidonk, si ou regle ka ou a pou $6,000.00, yo sipoze ou pa ka tounen nan travay anplwayè ou a pandan 4 mwa.] Anplwaye a pa gen okenn dwa pou li rebay travay la selon M.G.L. c. 152 pandan peryòd "sipozisyon" sa a.

Yon anplwaye ki pa tounen al travay pou anplwayè anvan an ka tounen reyentegre mache travay la imedyatman.

- ✓ Yon anplwayè, konpayi asirans, ak/oswa avoka ki eseye fè ou siyen nenpòt kalite otorizasyon ki di yon lòt bagay, ap sibi yon amann $10,000.00, e yo ka konsidere nenpòt otorizasyon konsa, kit li jeneral oswa espesifik, kòm yon bagay ki san efè e ki pa valab.

ÈSKE anplwayè mwen an dwe apwouve Montan Yon Sèl Fwa mwen an?

- ✓ Nan majorite ka, anplwayè a dwe siyen yon fòm konsantman anvan apwobasyon yon akò Montan Yon Sèl Fwa.
- ✓ Lè yon anplwayè gen otorite pou apwouve, men li pa dakò pou apwouve yon Montan Yon Sèl Fwa, pwopozisyon an pap kontinye. Nan ka sa a, w ap kontinye resevwa benefis chak semèn ou yo.

Èske sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl la ap afekte Montan Yon Sèl Fwa m nan?

Si w ap resevwa sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl kounye a, yo pa ka apwouve Montan Yon Sèl Fwa ou a sof si youn nan kondisyon sa yo ranpli:

- ✓ Ou te tounen travay pandan 6 mwa oswa plis.
- ✓ Ou te fini pwogram reyabilitasyon pwofesyonèl ki apwouve a.
- ✓ Ou te resevwa konsantman ekri eksprime pou OEVR.
- ✓ Yon jij anile nenpòt nan kondisyon sa yo apre li bay avi apwopriye ak yon odyans.

- ✓ Ou dwe antre nan yon pwogram reyabilitasyon nan 104 semèn apati dat apwobasyon Montan Yon Sèl Fwa ou a, sinon w ap pèdi tout dwa pou patisipe nan pwogram sa. Pou plis enfòmasyon sou sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl, tanpri rele Biwo Edikasyon ak Reyabilitasyon Pwofesyonèl nou an nan (857) 321-7303.

Èske yon Montan Yon Sèl Fwa fèmen dosye mwen an pou tout tan?

- ✓ Wi. Yon akò Montan Yon Sèl Fwa ranplase pèman konpansasyon chak semèn alavni pou blesi oswa maladi byen presi sa a.
- ✓ Dwa ou pou tretman medikal toujou rete disponib alavni toutotan tretman sa a rezonab, nesesè, e li gen rapò ak blesi w la. Konpayi Asirans lan gen dwa pou li konteste yon tretman medikal alavni.

Ki enpak Montan Yon Sèl Fwa mwen an sou lòt demann konpansasyon mwen ka genyen?

- ✓ Pèman yon Montan Fiks **PA** gen okenn enpak sou nenpòt lòt aksyon oswa pwosedi ki gen rapò ak yon lòt blesi oswa maladi ki apa e ki diferan, kèlkeswa si blesi a oswa maladi a se anvan oswa apre dat règleman an, e kèlkeswa konpayi asirans lan ak anplwayè a.

Ki montan Montan Yon Sèl Fwa avoka m nan gen dwa pou l jwenn?

- ✓ Frè avoka a se 20% lè asirans lan aksepte responsablite a oswa lè responsablite a atribye pa depatman an; frè avoka a se 15% lè responsablite a pa ni aksepte ni atribye. **Yon avoka pa ka resevwa frè sou pèman akoz pèdi travay nèt ak/oswa yon sikatris.**

Ki eleman pou pran an konsiderasyon pou detèmine si mwen dwe kontinye ak Akò Montan Yon Sèl Fwa pou dosye m nan?

- ✓ Èske ou kapab tounen travay?
- ✓ Èske ou gen pwoblèm medikal ki poko rezoud akoz blesi ou oswa maladi w la?
- ✓ Ki enpak règleman an ap genyen sou bòdwo medikal alavni ki gen rapò ak blesi ou oswa maladi w la?
- ✓ Èske w ap kapab pwouve ke blesi ou oswa maladi w la gen rapò ak travay la?
- ✓ Ki revni ou kounye a, si sa aplikab?
- ✓ Ki depans ou yo?
- ✓ Èske règleman an ap gen enpak sou dwa ou pou jwenn retrèt/pansyon si ou pa tounen travay ?
- ✓ Si ou gen yon demann konpansasyon ak yon lòt moun/antite nan kad demann konpansasyon ou pou aksidan nan travay la, mande avoka ou ki enpak demann sa a pral gen sou Montan Pèman yon Sèl Fwa w la.

Remak : "Lè nenpòt moun/pati mande pou yon jij administratif oswa yon jij dwa administratif apwouve (akò sou yon montan fiks) anvan depo akò sa a nan depatman an, akò sou yon montan yon sèl fwa a pa definitif toutotan yon jij administratif oswa yon jij dwa administratif pa apwouve li kòm yon bagay ki nan pi bon enterè demandè a." M.G.L. c. 152, §48 (1).

Ou Gen Kesyon? Rele biwo enfòmasyon nou an nan 617.727.4900.